BAB NDEDONGA

Karanganipoen

M. S. REKSAPRAJITNA

ing

JOCJAKARTA

Kawedalaken déning:
Jeugdraad tanah Djawi tengah

Kristen
IV
rakarta

BAB NDEDONGA

Karanganipoen

M. S. REKSAPRAJITNA

ing

JOCJAKARTA

Kawedalaken déning:

Jeugdraad tanah Djawi tengah.

'N - DEDONGA

I. Toemindaking padintenan temboeng **ndedonga** poenika katingal gampil sanget panganggénipoen. Malah terkadang ndjlekètèk sanget tijang anggènipoen negesaken. Tijang saged kalijan gampil witjanten makaten: **„Pada donga dinonga"**.

Ing serat-serat kintoenan ingkang saking tijang sepoeh dateng tijang enèm, kénging kapastèkaken wonten temboeng **„kang pandonga"** pinanggih wonten ing adangijah.

Poenapa kawedaling temboeng **„donga dinonga"** saha tjoemetaning temboeng **„kang pandonga"** poenika jektos mawi kinantènan ing tindak? Kinten koela katah botenipoen. Malah semoenipoen tetemboengan makaten waoe, namoeng kalebet wonten ing tjara kémawon, ingkang jektosipoen boten ndajani poenapa-poenapa toemrap tijang ingkang kataman ing tetemboenga[illegible]ia makaten poenika waoe.

Nanging tjara raos, temboeng **„ndedonga"**. poenika pantjèn boten gampil tjak - tjakanipoen Inggih lebet tegesipoen.

Toemrapipoen tijang Kristen, **ndedonga** poenika prakawis ingkang wigatos. Awit kedjawi ateges ngabekti dateng Goesti Allah, taksih katah malih tegesipoen.

Ingatasipoen tijang Kristen, mesti sampoen saged mbobot sepinten èntèng awratipoen oetawi gampil angèlipoen tijang **ndedonga**.

Tijang Kristen mesti sampoen ndada, bilih **ndedonga** poenika namoeng dados prekawisipoen tijang ingkang ndedonga kalijan Pangéran pijambak.

Mila bab lebet tjętèking pandonga, temen oetawi lamising pandonga, poenika ingkang saged mirsa namoeng ingkang Maha Wikan, ingkang saged njoemerepi inggih namoeng tijang ingkang ndedonga pijambak.

Mangga sami dipoen latjak, kados poendi wigatosipoen tijang **ndedonga** poenika.

Margi saking dosa, sesambetan ing antawising manoesa kalijan Jehoewah Allah sampoen pędot, malah sampoen risak babar pisan.

Kawontenaning manoesa ladjeng prasasat woh-wohan ingkang ḍawah saking gantilanipoen.

Lir wit-witan ingkang kętjalan ojodipoen, inggih kados anak ingkang kętjalan bapakipoen.

Manahipoen manoesa dados peteng ngantos boten saged ningali ḍateng kamoeljaning ingkang Maha Kawasa.

Damparing kaprabonipoen Jehoewah Allahipoen balatentara prasasat kaäling-alingan ing méga ingkang peteng nḍędet.

Sanadjan kawontenaning manoesa sampoen kados makaten, éwadéné kita sami soemerep, bilih manoesa meksa sami ngoedi sagedipoen pinanggih malih kalijan ingkang nitahaken djagad saisinipoen sadaja.

Prakawis poenika saged katitik wontenipoen tindaking agami warni - warni, kadosta : Agami Kristen, Islam, Boedha lan sanès-sanèsipoen, ingkang satoenggal lan satoenggalipoen boten saged tjotjog lampahipoen, anggènipoen sami ngarah sagedipoen sesambetan kalijan Goesti Allah. Ingkang satoenggal makaten, satoenggalipoen makaten.

Malah Mahatma Gandhi tetoenggoeling ébah-ébahan ing tanah Hindoe, ingkang inggih nggatosaken ḍateng prakawis kabatosan, naté nglairaken kejakinan anggènipoen sesambetan kalijan Goesti Allah kirang langkoeng makaten!

. . . . . Prakawis ingkang sepisan, ingkang dados tjangkrimaning ngakaṭah inggih poenika bab **soewaraning Pangéran.** Kanggénipoen koela **soewaraning Pangéran** poenika ateges swaraning pangangen-angen, swaraning kabatosan oetawi swara alit ingkang wonten ing kita; koela boten soemerep woedjoedipoen, koela inggih boten gaḍah krenteg baḍé soemerep woedjoed poenika, awit koela pitados bilih Pangéran poenika boten maoedjoed. Swara ingkang koela pireng poenika saking katebihan, nanging tjelak; kados swaraning satoenggaling manoesa ingkang tetéla tjarijos ḍateng koela. Swara poenika boten koela pireng salebeting pangimpèn. Sadèrèngipoen koela mireng swara poenika, koela nglampahi perang batos; sanalika wonten swara ing batos koela. Sareng koela pirengaken koela saged nemtokaken manawi poenika **soewaraning Pangéran.** Perang batos ladjeng kèndel. Koela bingah sanget sarta roemaos seger. Koela pantjènipoen kepéngin sanget neksèni, manawi ingkang koela pireng waoe **soewara** dédé koemanḍang ingkang medal saking djoedjoeling pangangen-angen. Koela boten gaḍah boekti sanèsipoen ingkang kénging kanggé ngitjalaken mangoe-mangoening tijang. Tijang ingkang mangoe-mangoe, kénging mastani manawi poenika **zelfbedrog.** Nanging koela jakin, sanadjan tijang sadjagad sami boten ngroedjoeki,

koela ngandel poenika **soewaraning Pangéran.** Sinten ingkang poeroen saged mireng swara poenika, angger sedija kados njedijakaken kanggé barang oetawi pandamelan sanès-sanèsipoen."

Taksih kaṭah malih kejakinan-kejakinan toemrap pangoengseding manoesa sagedipoen sesambetan malih kalijan Pangéran Allah.

Déné bab kejakinanipoen ingkang minoelja Mahatma Gandhi, ingkang ing semoe sampoen boten kénging pinaiben waoe, koela boten saged mestani jektos lan botenipoen. Koela tijang Kristen namoeng saged ngadjengaken pitakèn ingkang gegajoetan kalijan kejakinan waoe makaten:

Poenapa saged manoesa sesambetan malih kalijan Goesti Allah manawi dèrèng njoemerepi marginipoen?

Tosan ingkang goemlèṭèk ing siti poenapa saged moemboel pijambak, menawi boten wonten wesibrani ingkang kijat narik manginggil?

Tangèh manoesa saged marek apitepangan malih kalijan Goesti Allah, menawi boten ketarik manginggil déning Roh ingkang Maha Soetji, ingkang paring pitedah bab anḍaning Jakoeb inggih poenika bab Goesti Jésoes.

Kalijan ringkes, sedaja panindak ingkang ngarah ḍateng kawiloedjengan langgeng, ingkang ngarah sagedipoen pinanggih lan Goesti Allah poenika mesṭi boten baḍé kadoemoegèn menawi boten medal ing Goesti Kristoes. Awit mesṭi boten wonten ingkang saged wanoeh ḍateng Sang Rama kedjawi namoeng Sang Poetra.

Loekas 10: 22. Jésoes toemoeli ngandika marang sakabaté: „Samoe-barang kabèh woes kapasah-

aké marang **akoe** déning **Ramakoe**, lan ora ana wong kang soemoeroep marang kanjatahané kang Poetra, alija kang Rama, mangkono oega ora ana kang soemoeroep marang kenjatahané kang Rama, alija kang Poetra, toewin sapa wongé kang djinatènan déning kang Poetra ing sasoeka lilané pijambak."

Nanoeng alantaran Goesti Jésoes poetraning Allah ingkang sipat gesang, manoesa sagedipoen wanoeh malih kalijan Goesti Allah. Tjeṭa ingkang kasebott ing serat *Jokanan 14 : 6.*

„Akoe iki (Goesti Jésoes) dalané, sarta djatiné kaekten lan kaoeripan. Ora ana wong kang marek marang Sang Rama manawa ora metoe ing akoe."

Poenapa pandjenenganipoen Mahatma Gandhi sampon tepang kalijan Goesti Kristoes ? Poenika koelaboten mangertos.

Poenapa para maos sampoen sami soemerep marga poenika ?

Poenapa para maos sampoen sami saged sesambetan kalijan Goesti Allah sarana pandonga medi ing margi waoe ?

Wangsoelanipoen pitakèn - pitakèn waoe, manga sami dipoen manah pijambak ?

II. Poenapa tegesipoen ndedonga poenika?

'n-Dedonga poenika njowanaken njawa aben adjag kalijan ingkang Maha Soetji.

'n-Dedonga poenika inggih ateges sesambetan kalan djagad ènggal. Mila toemrapipoen tijang Krten abdi pepilihanipoen Sang Kristoes, ndedoga poenika setoenggaling bab ingkang wigatos. Inoih setoenggaling prekawis ingkang pinoendjoel pijmbak.

Sadhoe Soendar Singh mastani, bilih pandonga poenika soroging kajektosan. Dados sarana ndedonga poenika, tijang Kristen prasasat njepengi sorog ingkang kanggé mbikak kajektosan.

„Bapak, pandjenengan kedah maos Kitab Soetji, nanging sadèrèngipoen maos, pandjenengan koela atoeri ndedonga roemijin. Maos Kitab Soetji poenika dèrèng tjekap, manawi tanpa ndedonga. Kaṭah tijang ingkang sami maos Kitab Soetji, maos tjarijosipoen Goesti Jésoes, nanging boten sadaja saged wanoeh ḍateng Pandjenengaipoen. Malah terkaḍang boten wanoeh babar pisn; milanipoen pandonga poenika dados satoenggaling **sorog**, ingkang kénging kadamel mbikak kajektosan."

Makaten atoeripoen Sadhoe Soendar Singh, nalika ingkang rama ndangoe, kados poenti sagedipoen wanoeh ḍateng Goesti Jésoes, saa sageda marek ing ngarsanipoen Goesti Allah ingkang sedjati.

Pandonga poenika setoenggaling soroging-kang kénging kanggé mbikak kajektosan!

Salebeting tijang Kristen ndedonga, poenika njawanipoen ambegan angoengsed sagedipoen sesambetan kalijan Goesti Allah ingkang apat gesang, ingkang boten kasad mripat, Njawaing pandonga ndedel soemengka ḍateng pangajoning Pangéran.

Poenapa ta ingkang dados njawaning ndonga poenika?

Inggih poenika:

a. Pitados.
b. Pangadjeng - adjeng.

c. Katresnan.

a. Pitados. saderèngipoen tijang Kristen ndedonga kedah pitados bilih ing Swarga djoemenengipoen Allah sang Rama ingkang boten badé négakaken para kagoenganipoen. Temboeng pitados ing ngriki boten namoeng ateges pitados jèn Goesti Allah poenika wonten, ananging inggih ateges ngandelaken ḍateng pangwasaning Pangéran, masrahaken sedaja kabetahanipoen ḍateng Pandjenenganipoen.

Salebeting ndedonga tijang Kristen kedah pitados, bilih sesambetan ing antawising Goesti Allah kalijan manoesa ingkang sampoen risak poenika sampoen kadandosan ing sasampoernanipoen déning Goesti Jésoes.

Salebeting ndedonga tijang Kristen kedah pitados, bilih Goesti Jésoes kersa saha kwasa njowanaken para pepilihanipoen ḍateng ngarsaning Sang Rama.

Kedah pitados, bilih boten wonten sanèsipoen malih kedjawi namoeng Goesti Jésoes ingkang sembada dados pantawis lan djoeroe pirembag ing antawising manoesa kalijan Goesti Allah.

Pitados bilih dosa ingkang misahaken manoesa kalijan Goesti Allah sampoen lineboer sarana koerbanipoen Sang Kristoes.

Namoeng sarana pitados waoe, salebeting ndedonga njawanipoen tijang Kristen saged ndèrèkaken Goestinipoen ḍateng ngarsaning Jehoewah Allah.

Manawi tijang dèrèng pitados, bilih sesambetan ing antawising Goesti Allah lan manoesa poenika sampoen poelih malih, langkoeng saé

boten ndedonga kémawon. Awit boten badé migoenani poenapa - poenapa pandonganipoen.

Pandonga ingkang sepen ing pitados poenika, namoeng woedjoed pesambat lan panggloeroeh, ingkang sepen ing panglipoer.

Markoes 11 : 24.

Moelané pitoetoerkoe ing kowé: samoebarang kang koksoewoen ing pandonga, paḍa ngandela jèn kowé bakal keparingan, dadi mesṭi nekani kowé.

b. Pangadjeng - adjeng.

Salebeting ndedonga, tijang Kristen sampoen ngantos ngedahaken oetawi meksa soepados sedaja panjoewoenipoen oetawi pasambatipoen dipoen djoeroengi toemoenten. Djalaran dèrèng temtoe sedaja prakawis ingkang dipoen atoeraken poenika njonḍongi ingkang dados kersaning Goesti Allah.

Dèrèng temtoe prakawis ingkang dipoen wastani saé lan prajogi déning manoesa, poenika inggih saé lan prajogi wonten ing ngarsaning Jehoewah. Tijang Kristen boten kénging oetawi boten wenang moetoeng manawi Goesti Allah boten toemoenten ndjoeroengi panjoewoen lan pasambatipoen. Nanging malah kedah ngladjengaken ingkang dados panjoewoen lan pasambatipoen kanṭi pangadjeng - adjeng saha pitados.

Jehoewah ingkang mirsa samoekawis ; Pandjenenganipoen ingkang mirsa batosipoen manoesa, inggih mirsa ingkang dados kabetahanipoen manoesa, poenika ingkang kwasa nemtokaken kanṭi patitis toemrap sedaja ingkang kasoewoen dèning para pitados.

Kados bapa, poenika ingkang gaḍah wewe-

nang nemtokaken bab angsal lan botenipoen toemrap sedaja panjoewoening para anakipoen.

Dados salebetipoen ndedonga tijang Kristen kedah nggesangaken pangadjeng - adjengipoen. Angadjeng - adjeng kanti pitados dateng roementahing sih saha berkah ingkang saking nginggil, ingkang margi saking dajaning koerbanipoen Goesti Jésoes.

Jesaja 40 : 31. Para wong kang nganti - anti marang Jehoewah ikoe bakal olèh kakoewatan anjar.

c. Katresnan. Pangandikanipoen Rasoel Paul ing seratipoen ingkang dateng tijang Korinta makaten: Saoepama akoe bisa saroepaning temboengé manoesa lan malaékat, mangka sepi ing katresnan ikoe akoe prasasat proenggoe koementjring oetawa ketjèr goemendjlèng (*I Kor. 13 : 1*).

Tijang Kristen inggih perloe roemaos lan kelair makaten : Saoepama akoe bisa saroepaning temboengé manoesa lan malaékat, betah ndedonga lan seneng dedana lan lija - lijané, mangka sepi ing katresnan ikoe akoe prasasat proenggoe koementjring oetawa ketjèr goemendjlèng.

Oenggoel - onggoeling katresnan poenika tjeta wonten ing Goesti Jésoes anggènipoen nombokaken sarira soepados para kagoenganipoen, dalah para mengsahipoen, malah sedaja manoesa ingkang poeroen tineboes sageda angsal pangapoentening dosanipoen saking ingkang Rama.

Jok. 15 : 13. Gedé - gedéning katresnan ikoe mangkéné : Manawa wong angetohaké njawané soepaja betjiking mitrané.

Tetinggalan katresnan ingkang ketinggal tjeta poenika wonten ing grédja.

Wonten ing ngrikoe mitra lan satroe dados setoenggal, bangsa lan bangsa sami ngempal. Sedaja sami donga - dinonga, sami sesarengan ngoeloekaken pamoedji soekoer lan panjoewoen lantaran pananggelipoen Goesti Jésoes.

Wonten ing Kakristenan benanging kanationalan sampoen katenoen dados baḍé (bakal) salembar, tjap **Kristen**. Sanadjan galer - galeripoen taksih tjeṭa ketingal peṭak, abrit, djené l. s. s.

I Jok. 4 : 21. Ana déné kita woes paḍa tampa pepakon saka Goesti kang mangkéné : Sing sapa tresna marang Allah ikoe ija tresna marang sadoeloeré oega.

Déné sok wonten kawontenan ingkang ketingal boten ngremenaken poenika namoeng kabekta saking ḍasaring kamanoengsan lami. Ingkang peṭak sok goemoenggoeng doepèh peṭak, ingkang abrit goemoenggoeng doepèh abrit lan sanès-sanèsipoen.

Mangka pandonga ingkang sepen tigang prekawis waoe woedjoed pandonga ingkang pedjah. Tijang Kristen perloe lan kedah tansah ngèmoeti bab poenika, soepados pandonganipoen sageda soemengka manginggil saèstoe.

I Kor. 13 : 13. Ana déné kang toeloes ikoe: pratjaja, pangarep - arep, katresnan, nanging kang pinoendjoel saka ikoe kabèh : katresnan.

III. Patrapipoen tijang ndedonga.

Saben agami anggadahi moga pijambak - pijambak. Toemrapipoen tijang Kristen ing djaman samangké limrahipoen sadèrèngipoen ndedonga sami ngapoerantjang; kadjengipoen kèndel saking pandamelanipoen, kèndel pikiranipoen ingkang toemrap kadonjan. Sedaja kakijatan namoeng kaeneraken dateng Goesti Allah.

Merem, kadjengipoen soepados salebeting ndedonga sampoen ngantos tansah ginoda déning barang - barang ingkang ketingal.

Toemoengkoel kalijan linggih oetawi ngadeg, kadjengipoen soepados mratélakaken manoesa anggènipoen teloek wonten ing ngarsanipoen Jehoewag Allah ingkang Maha Soetji.

Bab ngapoerantjang, merem lan sapanoenggilanipoen poenika jektosipoen namoeng prakawis lair ingkang gegajoetan kalijan soeba sita, ingkang gandèng kalijan raosing manahipoen tijang ingkang ndedonga, sapinten lan kados poendi anggènipoen mapanaken badanipoen wonten ing ngarsanipoen ingkang dipoen sowani. Sarèhning bab poenika namoeng tata lair, dados inggih kénging tinilar manawi pantjèn kapetek ing perloe.

Oepaminipoen tijang pinoedjoe sakit, boten saged tangi saking patilemanipoen, poenika inggih saged teroes ndedonga njoewoen kesarasan lan kakijatan l. s. s. kalijan tileman kémawon. Boten kok kedah ngentosi manawi sampoen saged tangi anggènipoen ndedonga.

Makaten oegi tijang ingkang mladjeng ngoengsékaken gesangipoen, ing salebetipoen mladjeng inggih saged tansah ndedonga njeboet njoewoen

pitoeloeng ḍateng ingkang paring gesang.

Bab patrap lair ingkang kaseboet ing nginggil poenika pantjèn perloe, nanging manawi kapeksa kénging tinilar.

Ingkang langkoeng perloe malih ing salebeting ndedonga poenika, sedaja prakawis ingkang kaâtoeraken ing Pangéran.

Dados kalijan ringkes ndedonga poenika, sedaja ingkang wonten ing gesangipoen manoesa mèndel Katoer ing Goesti Allah.

Kawontenaning tijang ndedonga poenika, manawi kasawang ing lair pantjèn anggoedjengaken. Déné witjantenan pijambakan, boten ketingal ingkang dipoen adjak gineman lan boten kepireng swaraning tijang sanès ingkang mangsoeli.

Patrapipoen ingkang ketingal inggih boten angèl, awit namoeng merem l. s. s. Mangka ndedonga ingkang temen-temen poenika awratipoen ngoengkoeli tijang ndjoendjoeng barang ingkang langkoeng awrat. Djalaran salebeting ndedonga tijang prasasat merangi mengsah ingkang kijat inggih poenika sedaja pakaremaning daging.

Pandonganipoen tijang Kristen poenika asring nglèmprèh margi saking dajaning panggoḍanipoen sétan. Malah terkaḍang pikadjengipoen soedjoed wonten ing ngarsaning Pangéran, djeboel jektosipoen toemoengkoel soedjoed, teloek asrah bongkokan wonten ngadjenging mengsah inggih poenika Iblis.

Terkaḍang ngapoerantjang tanganipoen, toemoengkoel, merem, saking ndjawi (lairipoen) ketingal ngganṭeng, djeboel nglebetipoen boten nggepok babar pisan ḍateng soal ndedonga;

pikiran ingkang toemoedjoe ing Pangéran sepen. Woedjoedipoen wonten ing pamirsaning Jehoewah namoeng mbegegeg akempas - kempis ṭok. Mripatipoen merem boten soemerep barang - barang ing sakiwatengenipoen, nanging pikiranipoen kebak gegambaran mantja warni ingkang njimpangaken pandonganipoen saking margi ingkang teroes manginggil.

Rainipoen toemoengkoel ngetingalaken oermat lan asaripoen saha adjrih asihipoen ḍateng ingkang dipoen sowani, nanging batosipoen sepen ing aṅḍap asor.

Para maos poenapa wonten ingkang dèrèng naté nglampahi makaten poenika ?

Pantjèn jektos ndedonga ing Pangéran poenika boten gampil. Mangka toemrap tijang Kristen kedah gesang kanṭi ndedonga. Boten namoeng jèn pinoedjoe karibedan lan kasangsaran kémawon. Boten namoeng ing wekdal kaloebèran lan sakétja kémawon. Nanging salamipoen gesang tijang Kristen kedah tansah ndedonga lan ngadjeng-ngadjeng kanṭi pitados ḍateng gandjaran gesang langgeng ingkang sapoenikanipoen dèrèng sami dipoen raosaken. (*1 Tess. 5 : 17* Adja pegat olèhmoe ndedonga).

Milanipoen kedah gesang makaten, djalaran pandonga poenika ingkang saged ngijataken kakijataning njawa saha mbangoen pitados.

Sarana ndedonga tijang Kristen saged saja raket gesangipoen kalijan Goesti Allah.

Sarana ndedonga tijang Kristen kedah tansah niti priksa manahipoen mblakakaken isèn - isèning manahipoen kados sapamirsaning Goesti Allah

pijambak.

Sarana ndedonga tijang Kristen saged masrahaken begdja, tjilaka, bingah soesah l. s. s. wonten ing ngarsaning Pangéran.

Sarana ndedonga tijang Kristen saged tansah éwa ḍateng badanipoen pijambak, ngesoraken manahipoen lan tansah ngloehoeraken asmaning Goestinipoen.

Sarana ndedonga tijang Kristen saged kadoenoengan tentrem lan ajem. Awit kadoenoengan pitados bilih sedaja pasambat panjoewoenipoen Goesti Allah kwasa ndjoeroengi.

Jok. 14 : 13. Déné apa kang bakal kok soewoen atas terang saka djenengkoe, ikoe mesṭi ndak leksanani.

IV. Bab papan saha wektoening ndedonga.

Ing boekoe **„Agama Islam"** djilidan ingkang kaping II karanganipoen padoeka toewan Dr. H. Kraemer, pinanggih prekawis - prekawis ingkang nerangaken bab papan saha wektoening sembahjangipoen tijang Moeslimin. Sampoen kakinten manawi ing ngriki baḍé kaisènan bab poenika waoe sedaja, awit sanès bab poenika ingkang dados tlendjering karangan poenika. Ing ngriki namoeng baḍé meṭik sewetawis saking boekoe waoe, kapenḍet ingkang sekinten magepokan ḳalijan bab papan lan wektoening ndedonga. Kénginga kanggé lelimbangan sewetawis.

Ing katja 10 wonten katerangan ingkang kirang langkoeng djawinipoen makaten :

„Saben tijang Moeslimin sadintenipoen wadjib sembahjang kaping 5. Sembahjang poenika kedah dipoen lampahi mitoeroet pranatan ingkang tetep.

Ebah saha sikeping badanipoen inggih kedah mitoeroet atoeran ingkang tetep. Sarana ébahing badanipoen lan sarana pitemboenganipoen ingkang dipoen oetjapaken, tijang Moeslimin anggènipoen njembah saha ngatoeri hoermat ḍateng Goesti Allah. Inggih poenika ingkang dipoen wastani salat. Koewadjiban makaten poenika dipoen wastani igamat al — salat, tegesipoen : ngadekaken sembahjang gangsal wektoe :

1 loehoer	antawisipoen djam		12,15 - 3 sijang
2 asar	,,	,,	3,30 - 6,15 sonten
3 magrib	,,	,,	6,15 - 7 daloe
4 isa	,,	,,	7,15 daloe - 4 éndjing
5 soeboeh	,,	,,	4, - 5 éndjing

Déné bab papanipoen, kedjawi wonten ing mesdjid, salat poenika inggih kénging dipoen lampahi wonten ing papan sanès mitoeroet sapikadjengipoen tijang, oepaminipoen ing grija, ing margi, ing kebon, ing pinggir lèpèn l. s. s. anggeripoen mawi netepi pranataning salat samesṭinipoen. Djalaran salat ingkang njoelajani ing pranatan ingkang sampoen katetepaken, poenika boten dipoen anggep absah Mitoeroet katerangan ing nginggil waoe tjeṭa manawi sembahjang tjara tijang Moeslimin poenika ateges : Ngatoeri hoermat ḍateng Goesti Allah mawi merlokaken ébahing badan lan mawi tetemboengan mitoeroèt pranatan ingkang sampoen dipoen tetepaken.

Sapoenika kados poendi bab papan saha wektoenipoen tijang Kristen anggènipoen ndedonga ?

Toemrapipoen tijang Kristen, bab papan lan wektoening ndedonga poenika temtoenipoen sampoen sami saged nitèni pijambak-pijambak ḍateng

sedaja toeladanipoen Goesti Jésoes ingkang kaseboet wonten ing Kitab Soetji. Dados bab poenika pantjèn boten perloe dados rembag pandjang.

Bab papaning tijang Kristen ndedonga poenika mitoeroet dawoehipoen Goesti Jésoes ing Kitap Soetji makaten :

Jok. 4 : 21 .... bakal ana wektoené nggonmoe pada soedjoed marang Sang Rama ora ana ing goenoeng iki, lan ora ana ing Jeroesalèm.

Matt. 6 : 5—6. Karodéné samasa kowé pada sembahjang, adja kaja para wong lamis. Djenèh ikoe pada demen sembahjang adeg - adegan ana ing Mesdjid lan ing podjoké leloeroeng, pamoerihé soepaja katona ing wong. Satemené pitoetoerkoe ing kowé: ikoe woes pada tampa gandjarané. Balik kowé samasa sembahjang, loemeboea ing sentonganmoe, sarta lawangé kantjingen. noeli ndedonga marang Ramakmoe ana ing pasingidan. Mangka Ramakmoe kang ngoeningani sadjroning pasingidan, ikoe bakal malesaké marang kowé ana ing edèngan.

Ajat poenika boten ateges bilih Goesti netepaken papaning tijang ndedonga poenika kedah wonten ing pasingidan. Nanging kersanipoen paring dawoeh soepados tijang ndedonga poenika sampoen ngantos namoeng mélik aleming tijang kémawon. Déné bab papanipoen wonten ing poendi - poendi kénging kémawon, awit wonten ing sadengah papan Goesti Allah inggih ngoeningani, sanadjan wonten ing sentong ingkang kinantjing rapet pisan.

Déné bab wektoening ndedonga Goesti inggih boten paring dawoeh kedah kaping pinten

lan djam pinten tijang anggènipoen ndedonga. Nanging tijang Kristen saged ngilo ḍateng toelaḍanipoen Goesti Jésoes pijambak anggènipoen tansah ndedonga.

Ing Kitab Soetji pinten-pinten pepènget ingkang mratélakaken bilih gesangipoen tijang Kristen poenika kedah tansah ndedonga.

Loekas 18 : 1. Ana manèh pangandikané Jésoes marang para sekabaté, kaḍapoer pasemon, wosé soepaja tansah ndedongaa.

Col. 4 : 2. Paḍa tegena olèhmoe ndedonga. Dados kalijan ringkes ndedonganipoen tijang Kristen poenika wontena ing poendi-poendi inggih kénging, saha ing sawektoe - wektoe.

V. Sepinten tebaning pandonganipoen tijang Kristen ?

Pandonganipoen tijang Kristen poenika djembar sanget tebanipcen. Boten namoeng ndongakaken badanipoen pijambak kémawon, nanging inggih toemrap brajatipoen pijambak doemoegi ing bebrajatanipoen tijang sanès, malah medal njrambahi ing djagad sedaja.

Dawoehipoen Goesti Jésoes ḍateng para abdinipoen makaten: **„Pada melèka lan ndedongaä"**

Abdinipoen Sang Kristoes kinarsakaken melèk lan ndedonga, soepados tansah soemerepa menawi gesangipoen taksih doemoenoeng ing tengahing djagad ingkang kebak panggoḍa ingkang kedah dipoen perangi sarana pandonga. Lan malih sageda tansah njoemerepi ḍateng agenging pangrimat lan pakárjanipoen Pangéran sedaja, toemrap ḍateng djagad saisinipoen. Sageda tetéla ing soemerepipoen, bilih djagad ingkang boten sepen

ing sih piwelas poenika boten saged ngatoeraken genging panoewoen ḍateng Goesti Allah. Mila tijang Kristen wadjib ndedonga makili djagad anggènipoen ngatoeraken panoewoen.

Tijang Kristen sami kinarsakaken melèk njoemerepi bilih boten wonten ingkang langgeng kedjawi namoeng Goesti Allah pijambak. Kinarsakaken tansah njoemerepi jèn gesangipoen poenika peparingipoen Pangéran, boten goemantoeng sinten - sinten.

Soepados sageda sami tansah nggoemoeni ḍateng badanipoen, sarana saos soekoer. Déné gesangipoen ingkang leresipoen nampèni paoekoemaning dosa, teka tinimbalan kadadosaken ahli warising gesang langgeng.

Jirm. 3 : 22. Moeng marga saka sih kawelasané Jehoewah enggonkoe doeroeng paḍa toempes tapis, ija marga palimirmané tanpa wangenan.

Para maos ! Gesang salebeting Kakristenan poenika gesang salebeting paperangan, inggih poenika perang nglawan dosa.

Gesang Kristen poenika kedah gesang boten manah badanipoen pijambak kémawon.

Gesang Kristen poenika kedah gesang wonten salebeting katresnan.

Gesang Kristen poenika kedah gesang tansah kanṭi ndedonga asesrawoengan kalijan Goesti Allah kalijan lampahing gesang ingkang njentosakaken pitadosipoen, saha angoenḍangaken agenging sih palimirmanipoen Goesti Allah toewin agenging katresnanipoen Goesti Jésoes ḍateng badanipoen pijambak soemrambahipoen ḍateng para manoesa sedaja.

Ageng - agenging katresnanipoen tijang Kristen ḍateng bangsanipoen poenika manawi tijang Kristen saged dados pirantos anggèning bangsanipoen saged kaentasaken saking paoekoemaning pedjah, sarana anggènipoen toemoet ngoengsi ḍateng paneboesipoen Goesti Jésoes.

VI. Bab isining pandonga.

Bab isining pandonganipoen tijang setoenggal-setoenggalipoen poenika boten saged dipoen paṭoki, awit sedaja isining pandonga poenika mitoeroet kabetahanipoen tijang pijambak-pijambak, poenapa lan sapinten ingkang baḍé kaätoeraken ḍateng Goesti Allah.

Nanging inggih wonten prekawis ingkang preloe dipoen singkiri ing salebeting ndedonga, oepaminipoen :

Njoewoen soepados anggènipoen lotré kaparingan menang.

Njoewoen soepados anggènipoen main kertoe menang.

Njoewoen soepados para tijang ingkang njatroe lan ngawon-awon ḍateng tijang Kristen, poenika katoempesa toemoenten l. s. s.

Éwasemanten sampoen ngantos klèntoe tampi, manawi sedaja ingkang kasoewoen déning tijang Kristen ing pandonga poenika namoeng prekawis kasoekman kémawon, barang kabetahan kadonjan ingkang preloe kanggé gesang loemados ing Goesti inggih preloe kasoewoen.

Pil. 4 : 6. Sabarang prakara kang kok karepaké, paḍa kaoeningakna marang Allah sarana pandonga lan panjoewoen kang kanṭi saos soekoer.

Goesti Jésoes, goeroe goestinipoen tijang Kristen sampoen paring toelaḍa ingkang sampoerna, kados poendi para pitados ing Pandjenenganipoen anggènipoen ndedonga. Inggih poenika bab donga **Rama kawoela**. Ingkang isinipoen kénging karingkes makaten :

1. Njoewoen poenapa, ingkang ndadosaken

kaloehoeraning Pangéran.

2. Njoewoen poenapa, ingkang dados kabetahaning badan lan njawa.

Sarana pandonga piwoelangipoen Goesti Jésoes poenika sampoen tjeṭa, manawi bab kabetahaning badan inggih perloe kasoewoen ing salebeting pandonganipoen tijang Kristen. Kadosta: bab teḍa, sanḍang, pangaoeban, pirantos kanggé nindakaken padamelan l. s. s. Mawi - mawi ingkang dados pangkat lan kwadjibanipoen. Sedaja poenika kénging kasoewoen ḍateng Sang Rama ing pandonganipoen tijang Kristen. Anggeripoen boten sarana patrap njolong oetawi slingkoeh saha patrap ingkang boten barès. Nanging sarana njamboet damel oetawi sarana kamirahanipoen ingkang pantjèn kwadjiban ngopèni badanipoen. Tegesipoen : njoewoen pitoeloeng lan njoewoen berkahipoen Goesti Allah, soepados sageda kadoemoegèn angsal ingkang dados kabetahaning badanipoen sarana anggènipoen njamboet damel pijambak. Déné ingkang boten saged njamboet damel, soepados sageda angsal kamirahanipoen ingkang kwadjiban waoe. Oepaminipoen : Tijang papa njenjoewoen ḍateng Goesti Allah, sageda tampi kamirahan saking ingkang soegih. Anak njenjoewoen, sageda dipoen rimat ing tijang sepoehipoen ing samesṭinipoen l. s. s.

Dados sampoen sami nginten manawi ingkang kedah kasoewoen ing pandonga poenika namoeng barang kasoekman kémawon, nanging barang kadonjan kabetahaning badan salebetipoen taksih gesang wonten ing ndonja poenika inggih kedah kasoewoen. Goesti Jésoes pijambak sampoen pa-

ring toelada, bilih manoesa inggih perloe njoewoen redjekinipoen ing sadinten - dintenipoen. Perloenipoen soepados manoesa tansah kèmoetan dateng kaapesan lan kabetahanipoen, saha tansah kadoenoengan kepéngin ngoengsi lan soeméndé dateng ingkang Maha koewaso paring pitoeloeng, inggih poenika dateng Goesti Allah.
Kadjawi saking poenika manoesa sampoen ngantos kadoenoengan soemelang bab ingatasipoen kabetahan kadonjan kadosta : bab teda, bab sandang l. s. s. Nanging sami ngantos - antosa dateng kawelasanipoen Goesti Allah ingkang boten éwah gingsir.

Sedaja tijang ingkang njenjoewoen bab samoekawis betahipoen dateng Sang Rama poenika temtoenipoen moendjoek makaten :
Doeh Allah Rama kawoela, Toewan ingkang dados pangoengsèning gesang kawoela, kawoela namoeng goemantoeng ing sih Toewan. Kawoela inggih koemandel ing Toewan, bilih Toewan kersa melasi saha ngopèni dateng kawoela.

Dados isining pandonga poenika goenggoeng kempalipoen masrahaken poenapa kabetahaning badan lan njawa kanti koemandel dateng Goesti Allah, ingkang ndjalari kaloehoeraning asmanipoen Pangéran saha kawiloedjenganing badan njawanipoen pijambak toewin sesaminipoen gesang.

Mila tijang ingkang tansah ndedonga kanti temen-temen, poenika temtoe tansah katoewoehan bingah lan ajem ing salebeting pangrèhing Goesti. Amargi sami roemaos gadah andel-andel ingkang boten ngoetjiwani ing salebeting karoebedan, pakèwed saha sawarnining panempoehipoen Sétan.

VII. Panoetoep.

Minangka panoetoeping katerangan - katerangan sewetawis poenika wonten pitakèn - pitakèn toemoedjoe dateng kita sedaja.

Poenapa kita sampoen saged ndedonga ?

Poenapa kita jektos asring ndedonga, dadosa wonten ing edèngan oetawi ing pasingidan. Ing samangsa - mangsa ?

Poenapa pandonga kita sampoen saged medal saking bebrajatan, medal saking grédja, ngantos njrambahi ing sadjagad sedaja ?

Poenapa anggèn kita ndedonga boten namoeng manawi panoedjoe kasoesahan lan kasangsaran kémawon ?

Poenapa kita sampoen naté ndongakaken pakabaran Indjil, ndongakaken para abdi oetoesanipoen Goesti bangsa kita pijambak oetawi bangsa sanès. Soepados anggènipoen sami nglampahi ajahanipoen Goesti tansah kanti katresnan ingkang saloegoe ?

Poenapa kita sampoen naté ndongakaken para pamaréntah soepados pangrèhipoen sageda njondongi karsaning Pangéran, saha sampoen ngantos dados alanganing pakabaran Indjil ?

Ing djaman madjeng, djaman ébah - ébahan poenika, poenapa kita sampoen naté ndongakaken para pengandjoer kabangsan lan sanès-sanèsipoen, soepados sageda djoedjoer lampahipoen ?

Kita tijang Kristen inggih sampoen samestinipoen monokog ing manah, manawi njoemerepi para pangandjoer, para pinter bangsa kita.

Nanging kosok wangsoelipoen inggih roemaos gela, manawi ngèmoeti déné bangsa kita ingkang

pinaringan kapinteran mondjo[2] poenika taksih kaṭah sanget ingkang sami dèrèng saged njoemerepi oetawi ngroemaosi bilih kalangkoenganipoen poenika namoeng woedjoed peparing blaka.

Taksih kaṭah sanget ingkang dèrèng poeroen djèngkèng soedjoed ing ngarsaning Jehoewah, angatoeraken agenging panoewoen. Anggènipoen sami nglabeti tanah woetah rahipoen taksih sami ngandelaken ing daja kakijatan lan kapinteranipoen pijambak.

Poenapa kita boten roemaos kwadjiban soedjoed wonten ngarsaning Pangéran, ngatoeraken panoewoen déné Pandjenenganipoen sampoen karsa maringi tijang pinter pinten - pinten ?

Poenapa kita boten roemaos kwadjiban njenjoewoen soepados Goesti Allah kersa nimbali tijang - tijang pinter - pinter poenika dadosa abdi ingkang saged ngladosi bangsanipoen mitoeroet ing sapangrèh lan kersanipoen ingkang paring gesang ? Soepados anggènipoen tinitah pinter poenika ndadosna ing kaloehoeraning Pangéran, saha ndjalari kawiloedjenganing badan njawanipoen sabangsanipoen. Sampoen ngantos namoeng kanggé pados kaloehoeraning badanipoen pijambak ingkang noentoen ḍateng panjenjamah asmanipoen Jehoewah saha boten mikantoeki poenapa-poenapa toemrap ḍateng bangsanipoen.

Kita para sepoeh Kristen ! Sampoen sami nindakaken kwadjiban poenapa ing salebeting pandonga ?

Poenapa sampoen sami saged nglenggahaken anggèn kita dados tijang sepoeh toemrap para poetra wajah lan bangsa kita ?

Para nènèman Kristen ! Kasagedan lan kakijatan ingkang mondjo peparingipoen Goesti Allah poenika poenapa sampoen sami kasaosaken wonten pamengkoening astanipoen ingkang Maha Kwasa kanṭi ndedonga lan saos soekoer ing Pandjenenganipoen.

Kaenéman pandjenengan, poenapa sampoen katjaḍangaken kanggé sedaja pendamel ingkang soemaos ing kaloehoeraning Goesti kita ?

Wasana damar mantjoeng, singa bagor, karangan poenika katjoepet semanten kémawon, mangsa boronga para maos !

Wahjoe. 3 : 21.

Sing sapa oenggoel ikoe bakal Soen wenangaké loenggoeh satata kalawan Ingsoen ana ing ḍampar Ingsoen paḍa kaja Ingsoen sawoesé oenggoel ija bandjoer pinarak satata kalawan Ramaningsoen ana ing Damparé.